



Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI ROBERT FREDERICK SMITH CENTER FOR THE PERFORMING ARTS KI KOUTE 2.8 MILYON DOLA NAN PAK ETA DENNY FARRELL RIVERBANK**

***Pwojè pou Revitalize Sant Pèfòmans Kiltirèl Sipòte pa Kado 1 Milyon Dola Ki Soti Nan Men Envestisè ak Filantwòp Robert Frederick Smith***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti Robert Frederick Smith Center for the Performing Arts nan Pak Eta Denny Farrell Riverbank nan Harlem. Yo pral selebre ouvèti an ak yon pèfòmans k ap prezante *The Late Show with Stephen Colbert* Chèf Gwoup, Jon Batiste, ansanm ak kèk nan atis ki gen plis talan nan kominote a. Yo bay espas pèfòmans lan non an, an rekonesans a filantwòp ak Fondatè Vista Equity Partners, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Robert Frederick Smith ki bay 1 milyon dola kòm don pou 2.8 milyon dola renovasyon sant lan.

"Modèl sèvis Denny Farrell la se te nati yon bon gouvènman paske li te konsantre sou akonpli anpil bagay ki fè yon diferans reyèl nan lavi moun yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo sant pèfòmans atistik sa a pral fè egzateman sa a, amelyore youn nan bijou nan sistèm pak eta nou an epi touche anpil moun nan kominote a ak pi lwen toujou. Li se yon chwa pafè pou Pak Eta Denny Farrell Riverbank la epi fanmi New York la rekonesan anvè Robert Frederick Smith paske li ede pou rann sa posib."

"Sant pèfòmans atistik revitalize nan Pak Eta Denny Farrell Riverbank la pral enjekte zòn lan ak aktivite, kilti ak amizman", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Robert Frederick Smith Center for the Performing Arts ap ofri tou opòtinite pou timoun ak fanmi yo patisipe nan pwogram kominotè ak edikatif pandan tout ane a. Etablisman lan mennen plizyè dizèn milye moun chak ane nan zòn lan, grandi endistri touris lokal la epi ranfòse ekonomi a anjeneral."

Sant pèfòmans kiltirèl la sèvi antanke youn (1) nan karakteristik ki pi popilè epi dinamik nan Riverbank— ap akeyi anpil aktivite sosyal, edikasyonèl, ak pèfòmans ki gen rapò ak evènman ki fèt ladan li chak ane. Soti nan pèfòmans balè, djaz ak òkès jiska fè kou, aktivite kan dete ak pwogram kominotè, etablisman an akeyi plis pase 60,000 moun nan yon ane.

"Sant pèfòmans atistik la te toujou yon eleman presye nan tisi kiltirèl katye sa a. Mizik ak èv atistik yo rasanble anpil moun epi ranfòse kominote nou yo", **Robert Frederick Smith te di.** "Modènize sant lan vle di anpil bagay pou mwen paske enpak li ale pi lwen pase mi li yo, nan lavi tout fanmi yo ak moun k ap pèfòme ki enspire pou yo vini ansanm epi pataje imajinasyon, talan, ak lanmou yo pou Harlem."

Sant lan ap pral louvri ak yon pèfòmans pa pyanis Jazz Jon Batiste, k ap mete an vedèt yon sware pèfòmans avèk kèk nan atis ki gen plis talan nan kominote a. Batiste

te anrejistre epi te jwe ak atis diferan estil mizikal epi toune regilyèman ak gwoup li an Stay Human - epi parèt ak yo chak swa antanke Chèf Gwoup la epi Direktè Mizikal *The Late Show with Stephen Colbert*. Batiste se Direktè Mizikal The Atlantic tou ak Direktè Kreyatif nan Mize Nasyonal Jazz la nan Harlem. Lòt moun k ap pèfòme yo enkli Marching Cobras, Harlem Renaissance Choir, vyolonis Sterling Elliott, Catalyst Quartet, twonpetis Jazz Shareef Clayton, ak kwentèt van NYO-USA.

**Sipèvizè Pwovizwa Pak Eta yo Erik Kulleseid te deklare,** "Pwojè a pral fè sant lan akeyi plis manm odyans epi ranfòse valè pwodiksyon yo, pote menm plis vitalite nan zòn sa a yo renmen anpil nan pak la. Mwen rekonesan pou Gouvènè Cuomo, Robert Frederick Smith ak tout patnè yo pou angajman yo nan anrichisman Pak Eta Denny Farrell Riverbank New York la".

**Kim Elliman, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Open Space Institute a (OSI), te di,** "Open Space Institute fyè paske li te jwe yon wòl nan pwojè enteresan sa a pou modènize sant pèfòmans kiltirèl sa a epi amelyore eksperyans jeneral pou tout moun k ap itilize espas la pou rankontre moun, selebre, ak fè eksperyans èv atistik yo. Mèsi a Robert Smith ak Lucy Rockefeller Waletzky pou lidèchip epi angajman yo nan pwojè sa a. Nou rekonesan tou pou sipò Fanmi Durst la, Fondasyon Alfred P. Sloan, Fondasyon Rockefeller, Rockefeller Brothers Fund ak Parsons Family Foundation, ki te rejwenn OSI pou ede fè revitalizasyon pyès santral kominote sa a yon reyalyte".

**Lucy Rockefeller Waletzky, Prezidan Konsèy Pak Eta New York lan, te deklare,** "Li enteresan pou wè ansyen oditoryòm san valè sa a transfòme nan yon bèl espas atizay ak kominotè plen ak mizik, dans, epi kè kontan. Mwen rekonesan anvè Robert F. Smith ak tout moun ki te kanpe pou sipòte nouvo sant kiltirèl sa a, kote mwen sèten pral kontinye rete yon kote ki ge epi ki chaje lajwa ak aktivite kominotè pou jenerasyon k ap vini yo".

**Senatè Robert Jackson te deklare,** "Li se yon bèl bagay pou gade renovasyon yo nan Robert Frederick Smith for the Performing Arts ki fini. M ap remèsye Mesye Smith, Gouvènè Cuomo, ak lòt patnè piblik ak prive yo ki te ede pou rann amelyorasyon sa yo posib. M ap tann tout bon pwogram sant sa a pral pote nan distri mwen an. Pwojè sa a se yon bon fason pou nou kontinye onore kontribisyon youn nan konseye mwen te pi renmen yo, defen Denny Farrell".

**Senatè Brian A. Benjamin te deklare,** "Mwen kontan anpil paske nouvo sant sa a pral pèmèt Pak Eta Denny Farrell Riverbank la kontinye sèvi moun Harlem yo epi bay yo aksè a yon espas pèfòmans atistik. Pak nou yo se yon pati enpòtan nan katye ak kominote nou yo—Manm Asanble Farrell ta dwe fyè pou tout bagay Eta New York lan ap fè pou onore eritaj li".

**Manm Asanble Al Taylor te deklare,** "Sipò jenere Robert F. Smith te pote yon nouvo vi nan yon enstitisyon Harlem ke yo renmen anpil. Chak ane plizyè milyon moun New York jwi enstalasyon Pak Eta Denny Farrell Riverbank la gen pou ofri yo, epi kounya gras a kado enkwayab sa a, ak jenewozite patnè prive ak piblik yo, Harlem ap rete yon sant ekspresyon atistik ak pèfòmans pou ane k ap vini yo".

**Prezidan Minisipalite Manhattan, Gale Brewer, te deklare,** "Lè ou panse a jwayo presye kominotè yo, sant kiltirèl pèfòmans atistik nan Pak Eta Denny Farrell Riverbank la imedyatman pase nan tèt ou. Mwen kontan paske mwen te kapab kontribye nan

renovasyon bèl sant pèfòmans atistik sa a, epi m ap remèsye tout moun ki te travay ansanm pou finanse bèl pwojè sa a".

**Mark Levine, Manm Konsèy Minisipal Vil New York, te di,** "Pandan plizyè deseni, Pak Eta Riverbank lan te yon resous inestimab pou anpil manm nan kominote Manhattan nou an. Mwen aplodi gwo jenewozite Robert Smith ak angajman tout patnè ki te patisipe pou asire revitalizasyon sant lan kontinye bay opòtinite lwazi ak pèfòmans ekstraòdinè".

**Alexander Durst ki nan The Durst Organization te di,** "Nou fyè pou nou jwe yon wòl nan revitalizasyon Robert Frederick Smith Center for the Performing Arts nan Pak Eta Denny Farrell Riverbank la. Pwojè a se te yon bèl kolaborasyon ant OSI ak Biwo Pak ak Rekreyasyon Eta New York la (New York State Office of Parks and Recreation) ki te rantabilize kominote filantwopik la ak sektè prive a pou kreye yon bèl sant kiltirèl ak pèfòmans pou Zòn Nò Manhattan".

**Leisle Lin, Vis Prezidan Prensipal Fondasyon Alfred P. Sloan te di,** "Li bay kè kontan anpil pou nou nan faz ouvèti Sant Pèfòmans Kiltirèl modènize a nan Pak Eta Denny Farrell Riverbank la. Ogmantasyon ak amelyorasyon teknolojik yo pral ogmante valè sant sivik ak pèfòmans lan ke yo te deja konn itilize anpil".

Kado Smith la se pi gwo kontribisyon nan yon kanpay kapital ki te lanse pa Open Space Institute an patenarya ak Komisyon Pak Rejyonal Vil New York yo (New York City Regional Parks Commission) ak Natural Heritage Trust la, ki te kolekte prèske 2.8 milyon dola nan sibvansyon ak donasyon piblik ak prive. Lòt gwo sipò te soti tou nan men Lucy R. Waletzky, M.D, The Durst Organization lan, Alfred P. Sloan Foundation lan ak Rockefeller Foundation lan. Sipò piblik soti nan pwogram NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo a ak sibvansyon Manm Asanble an defen Denny Farrell, pou ki yo te renonmen pak la ane pase, epitou Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Gale A. Brewer ak Manm Konsèy Vil New York la Mark Levine.

Sou administrasyon Gouvènè Cuomo a, Eta New York ap pran yon angajman istorik pou amelyore epi ogmante aksè a rekreyasyon ekstèn yo. [Pwogram NY Parks 2020](#) Gouvènè a se yon angajman sou plizyè ane pou li revitalize Pak Eta New York yo. Bidjè 2019-20 Eta-a prevwa 110 milyon dola pou direksyon inisyativ sa a.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, teren gòlf, santye rekreyatif ak ranp lansman bato, ke 74 milyon moun vizite chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt pami espas rekreyasyon sa yo, vizite [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)